**दिन–बुधवार** **दिनांक–04.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधान परिषदक तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक उपचुनाव के लेल काल्हि मतदान होयत। मतदान भोरे आठ बजे सँ शुरू होयत आ सांझ चारि बजे धरि चलत। मतदान के लऽकऽ वैशाली, मुजफ्फरपुर, शिवहर आ सीतामढ़ी जिला मे कुल एक सय संतानवे मतदान केन्द्र बनाओल गेल अछि। उपचुनाव मे कुल एक लाख चौवन हजार आठ सय अट्‌ठाईस मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग कऽ सकताह। निर्वाचन आयोग कहलक अछि जे मतदानक लेल मतदाता उपलब्ध कराओल गेल स्केच पेन के मात्र उपयोग कऽ सकताह अन्यथा भोट अमान्य भऽ जायत। मतदाता उम्मीदवार लोकनिक नामक आगां वरीयता क्रम अंकित करताह। मतक गिनती नओ दिसम्बर के होयत। उपचुनाव लेल कुल अठारह उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। एहि मे जदयू के अभिषेक झा, राजदक गोपी किशन आ जन सुराजक विनायक गौतम प्रमुख छथि।

---

देश मे पछिला दस वर्ष मे रेल दुर्घटना मे कमी आयल अछि। वर्ष दू हजार तेईस–चौबीसक दरमियान कुल चालीस रेल दुर्घटना भेल। वर्ष दू हजार चौदह–पन्द्रह मे ई संख्या एक सय पैंतीस छल। रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव आइ लोकसभा मे एक प्रश्नक लिखित उत्तर मे ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे एहि वर्ष अप्रील सँ नवम्बर धरि उनतीस रेल दुर्घटना भेल अछि। श्री वैष्णव जनौलनि जे सुरक्षा भारतीय रेलक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि आ एहि लेल कतेको डेग उठाओल गेल अछि।

---

केन्द्रीय ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि जे हरेक गरीब व्यक्ति के पक्का घर उपलब्ध करेबाक लेल सरकार दू करोड़ पंचानवे लाख मकान बनेबाक स्वीकृति

देलक अछि। आइ नव दिल्ली मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे ओ कहलनि जे अगिला पाँच वर्ष मे दू करोड घर आओर बनाओल जायत। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री आवास योजना–ग्रामीण के अंतर्गत अड़तीस लाख घर आवंटित कयल गेल अछि। एहि लेल दस हजार छओ सय टाका सँ बेसी के धन राशि जारी कयल गेल अछि। श्री चौहान महिला सशक्तिकरणक चर्चा करैत कहलनि जे आजीविका मिशन सँ दस करोड़ सँ बेसी महिला जुड़ल छथि। ओ कहलनि जे एखन धरि एक करोड़ पन्द्रह लाख महिला लखपति दीदी बनि चुकल छथि।

———————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि अछि जे जँऽ बिहार मे महागठबंधनक सरकार बनैत अछि तऽ प्रति मास दू सय यूनिट बिजली निःशुल्क देल जायत। मुंगेर मे संवाद दर्शन कार्यक्रमक अंतर्गत श्री यादव दावा कयलनि जे देश मे सभ सँ महग बिजली बिहार मे भेटैत अछि। ओ अपन सत्रह मासक महागठबंधन सरकारक कार्यकाल के चर्चा करैत कहलनि जे ओ पाँच लाख नौकरी देबाक वादा कयने छलाह जकरा ओ पूरा कयनि अछि।

———————————————————————

शिक्षा विभाग शिक्षक लोकनिक सेवाकालीन प्रशिक्षण के सम्बन्ध मे दिशा–निर्देश जारी कयलक अछि। दिशा–निर्देश मे कहल गेल अछि जे शिक्षक लोकनिक प्रशिक्षण हुनक वर्तमान पदस्थापना जिले मे होयत। विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ राज्य शिक्षा, शोध आ प्रशिक्षण परिषद के पठाओल गेल पत्र मे कहल गेल अछि जे सेवाकालीन प्रशिक्षणक लेल शिक्षक लोकनि के कम सँ कम एक सप्ताह पूर्व सूचना देल जाय। संगहि, प्रशिक्षणक अवधि मे हरेक दिन तीन बेर बायोमीट्रिक उपस्थिति दर्ज कराओल जाय।

———————————————————————

केन्द्रीय चयन पर्षद सिपाही भर्ती जनौलक अछि जे शारीरिक दक्षता परीक्षा मे ईडब्ल्यू एस आ क्रीमीलेयर प्रमाण पत्रक कारण कोनहुं उम्मीदवार के अयोग्य घोषित नहि कयल जायत। पर्षद एहि सम्बन्ध अधिसूचना जारी कऽ देलक अछि।

———————————————————————————

राष्ट्रपति भवन द्वारा गणतंत्र दिवस एट होम कार्यक्रम मे सम्मिलित हेबाक लेल कटिहार जिलाक कुर्सेला प्रखंडक पाँच विशेष अतिथि के आमंत्रित कयल गेल अछि। एहि मे प्रखंड विकास पदाधिकारी, बाल विकास आ प्रोग्राम पदाधिकारी, जीविका के प्रखंड परियोजना प्रबंधक आ चिकित्सा पदाधिकारी सम्मिलित छथि।

———————————————————————————

बिहार गीत–संगीतक क्षेत्र मे रोजगार देबाक मामिला मे देशभरि मे तेसर स्थान पर अछि। केन्द्र सरकारक ई–श्रम पोर्टल पर भेल निबंधनक अनुसार एहि क्षेत्र मे सतहत्तरि प्रतिशत पुरूष आ बाईस प्रतिशत महिला काज कऽ रहल छथि। बिहारक कुल आठ हजार नओ सय चौंतीस लोक गीत संगीतक क्षेत्र मे अपन आजीविका चला रहल छथि।

———————————————————————————

बिहार के जलवायु अनुकूल कृषि कार्यक्रमक अंतर्गत उत्तम प्रदर्शन करबाक लेल नव दिल्ली मे आयोजित एक कार्यक्रम मे वाटर ट्रांसवर्सेलिटी ग्लोबल अवार्ड सँ सम्मानित कयल गेल। कृषि विभागक सचिव संजय कुमार अग्रवाल ई जनतब देलनि।

———————————————————————————

पछवा हवाक गति कम हेबा सँ प्रदेशक औसत उच्चतम आ न्यूनतम तापमान एखनहुं सामान्य सँ ऊपर बनल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना के वैज्ञानिक कुमार गौरव जनौलनि जे अगिला तीन दिनक दरमियान मौसम मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयत। एकर बाद पटना, नालंदा, बेगूसराय, बक्सर, अरवल, औरंगाबाद आ जहानाबाद सहित राज्यक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य हिस्सा मे वर्षा हेबाक संभावना अछि। एहि सँ तापमान मे कमी आओत।

———————————————————————————

समाप्त